# Dongeng Kedadeyane Bledheg: Si Sorot kang Gumbleger



kratonjogja.id

Ing selane mega kandel kang warna klawu, katon anak thathit kang lagi nyawang bumi.




Kowe kabeh mesti kerep njumbul utawa wedi nalika aku njedhul kanthi swara kang banter. Aku kulina njedhul nalika utawa arep udan, awujud clorot cahya kang diarani thathit banjur disusul swara seru. Supaya kowe kabeh tepung lan ora wedi maneh karo aku, arep tak babarke kepriye kedadeyane bledheg.


Aku kedadeyan saka mega kang kasebut mega kumulonimbus.


Ning njerone mega kang peteng, akeh banget tetes-tetes banyu cilik lan prongkalan es cilik kang obah amarga angin kang banter ing njero mega. Dheweke kabeh padha tubrukan terus-terusan, kaya ta kanca-kanca nalika senggolan ing njero bis sing kebak penumpang.


Nalika es lan banyu tubrukan, ana kekuatan listrik negatif lan positif kan ucul


Iki kaya batre gedhe banget ing langit. Sisih ngisor mega dadi pul negatip (-) batre lan sisih nduwur mega dadi kaya ta pul positip (+) batre.


Dene, ing ngisor mega, ing lemah, kabeh piranti uga nduweni kekuatan listrik positif (+)
senadyan sithik. Nah, kekuatan negatip ing ngisor
mega dadi kasengsem karo energi positip ing lemah.


Amotan negatip
ing nduwur
mega mau pungkasane
nyamber amotan positip
kang ana ing bumi.
Lumpatan kekuatan listrik
kang gedhe banget
iki, sing katon dadi thathit
kang padhang.


Angin ing sakiwa tengene dalan thathit iki malih dadi panas banget. banjur, angin kang panas iki saya gedhe lan tabrakan maneh kanthi cepet lan ngetokake swara banter kang kasebut bledheg.

Nah, iki kabeh tuladhane supaya Sahabat Kraton aman saka bledheg.




Ngadoha saka piranti wesi lan banyu ya. Amarga wesi lan banyu iku bisa nglantarake listrik. Nalika lagi nglangi, enggal-enggala mentas lan nggaringke awak.


Jabut kabeh piranti elektronik saka stop kontak.


Aja nganggo piranti elektronik, kaya ta tilpon kang nyambung listrik.


Mangkono iku lakuku saka langit menyang bumi, dadi menawa ing seje wektu Sahabat Kraton weruh thathit lan gumlegere swaraku, aja wedi yaa. Kuwi tandhane aku lagi sapa aruh karo kowe kabeh lan ngajak seneng-seneng.